



**Sanksyon:** Divizyon nan DSWM ki responsab fè respekte kòd yo (Enforcement Division) ap travay avèk Depatman Polis Miami-Dade ak lòt ajans pou envestige ak mennen devan lajistis moun ki responsab aktivite jete fatra ilegalman yo nan Konte Miami-Dade. Moun ki komèt zak sila yo gen dwa oblije peye jiska \$1,000 amann, epi yo gen dwa sezi machin yo ak/oswa arete yo. Moun yo deklare koupab yo gen dwa resevwa yon santans jiska 300 èdtan sèvis kominotè nan netwayaj depotwa ilegal.

### Rapòte Moun K ap Jete Fatra ilegalman:

- 1 Rapòte yo anliy nan [miamidade.gov/illegaldumping](http://miamidade.gov/illegaldumping)
- 2 Rele 311.
- 3 Rezidan Konte Miami-Dade yo kapab rapòte pwoblèm ak vyolasyon kòd nan katye yo nan aplikasyon mobil MDC Solid Waste la. Ou kapab telechaje MDC Solid Waste gratis nan magazen iTunes nan pou itilizatè Apple yo oswa nan magazen Google Play la pou itilizatè Android yo.

Si w wè yon moun k ap jete fatra ilegalman, pa janm konfwonte li. Pito, ekri detay tankou yon deskripsyon moun k ap jete fatra ilegalman an ak machin li, mak machin nan ak nimewo plak li, epi rele 911 pou rapòte li kòm yon krim k ap fèt kounye a.

**Pou plis enfòmasyon sou kouman pou anpeche moun jete fatra ilegalman ak sou fason kòrèk pou elimine fatra yo, al sou [miamidade.gov/illegaldumping](http://miamidade.gov/illegaldumping) oswa rele 311.**

ESPAÑOL: [www.miamidade.gov/solidwaste/library/brochures/illegal-dumping-spanish.pdf](http://www.miamidade.gov/solidwaste/library/brochures/illegal-dumping-spanish.pdf)  
ENGLISH: [www.miamidade.gov/solidwaste/library/brochures/illegal-dumping-english.pdf](http://www.miamidade.gov/solidwaste/library/brochures/illegal-dumping-english.pdf)

# KRIM SAL POTE AMANN

**MOUN K AP JETE FATRA YON FASON ILEGAL te mèt ranje kò yo pou pran sanksyon, peye amann, e yo ka menm pran prizon. Debarase w ak fatra ak debri w yo kòm sadwa!**



Telechaje aplikasyon MDC Solid Waste



Pou plis enfòmasyon oswa pou rapòte moun ki jete fatra yon fason ilegal, rele 311 oswa al sou [miamidade.gov/illegaldumping](http://miamidade.gov/illegaldumping)



# KRIM SAL POTE AMANN

**MOUN K AP JETE FATRA YON FASON ILEGAL te mèt ranje kò yo pou pran sanksyon, peye amann, e yo ka menm pran prizon. Debarase w ak fatra ak debri w yo kòmsadwa!**



Gen yon bann pyès machin, debri konstriksyon, kawoutchou, vye mèb ak materyèl danjre yo jete ilegalman ki vin atèri sou pwopriyete piblik ak prive, ap polye lari ak wout dlo yo, epi ap bese valè pwopriyete yo. Aktivite pou fè respekte lalwa ak netwaye koute kominote nou an plizyè milyon dola chak ane. **Men gen bagay ou kapab fè pou ede.**

**Si Depatman Jesyon Dechè Solid ofri w sèvis ranmasaj dechè, ou gen twa jan fasil pou jete fatra ou kòmsadwa:**

- 1 Pran randevou pou yo vin ranmase gwo dechè ou yo. Rele 311 oswa al sou [miamidade.gov/311Direct](http://miamidade.gov/311Direct) anvan ou mete dechè bò twotwa a.
- 2 Al nan yon Sant Fatra ak Resiklaj Katye. Jete fatra kay, mèb, vye aparèy, debri lakou, jiska kat kawoutchou machin, ak jiska twa (3) yad kibik debri konstriksyon ak demolisyon.
- 3 Al nan yon Sant Ranmasaj Pwouwi Chimik Kay (Home Chemical Collection Center). Se konsa ou kapab jete legalman ak san danje pwouwi chimik kay tankou penti, pestisid, sòlvan, anpoul fliyoresan ak dechè elektwonik.

**Si DSWM pa ofri ou sèvis ranmasaj fatra, kontakte depatman dechè solid oswa travo piblik minisipal ou a pou konn ki opsyon ou genyen pou jete fatra.**

**Si ou se yon antreprenè komèsyal, men tout sa ou dwe konnen sou kouman pou jete fatra w yo kòmsadwa:**

- 1 Antreprenè komèsyal ki ofri sèvis tankou konstriksyon, renovasyon rezidansyèl ak twati gen entèdiksyon sèvi avèk Sant Fatra ak Resiklaj Katye DSWM yo.
- 2 Sistèm eliminasyon DSWM nan ofri antreprenè yo opsyon legal pou jete poubèl, fatra, debri konstriksyon ak demolisyon, materyèl twati ak kawoutchou.
- 3 Antreprenè yo peye yon frè eliminasyon pa tòn pou materyèl yo pote nan lokal DSWM yo. Pou enfòmasyon sou materyèl ki aksetab yo, frè eliminasyon yo, orè ak adrès lokal yo, tanpri al sou [miamidade.gov/solidwaste](http://miamidade.gov/solidwaste).

